

DEKRÈ EGZEKITIF

Etabli Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta New York la

LÈ NOU KONSIDERE, New York te demontre angajman li an vè yon anviwonman ki pratik pou moun ki aje pou asire ke tout Nouyòkè kapab vyeyi ak diyite ak endepandans atravè politik ki ankouraje valè vyeyès ki an sante epi ki gen sans; politik sa yo enkli Ajanda Prevansyon Eta New York (New York State Prevention Agenda), Sante Atravè Tout Politik (Health Across All Policies), New York Pratik pou Granmoun Aje (Age-Friendly New York), Inisyativ Sistèm Sante ki Pratik pou Granmoun Aje (Age-Friendly Health System Initiative, ak Plan Eta New York sou Granmoun Aje (New York State Plan on Aging);

LÈ NOU KONSIDERE, New York gen katriyèm pi gwo popilasyon granmoun aje nan Etazini, ak 3.2 milyon Nouyòkè (16 pousan nan popilasyon an) ki gen plis pase 65 ane. Yo prevwa popilasyon New York ki gen plis pase 60 ane pral ogante a 5.3 milyon moun dis 2030 ak sila yo ki gen plis pase katrevan ane k ap depase 1.2 milyon moun; Dis 2030, yo prevwa ke 25 pousan nan popilasyon ki nan plis pase 51 konte pral gen 60 ak ane plis ak omwen 30 pousan nan popilasyon ki nan 18 konte ki gen 60 ane oswa plis. Popilasyon granmoun ki pi gran an ap ogmante pi vit pase nenpòt lòt gwoup laj nan eta a;

LÈ NOU KONSIDERE, New York fyè dèske yo nonmen li premye Eta ki Pratik pou Granmoun Aje nan nasyon an pa Asosyasyon Ameriken pou Moun ki Pran Retrèt (American Association of Retired Persons, AARP), yon estati ki baze sou uit domèn abitab Òganizasyon Mondyal Lasante: espas ak batiman ekstèn yo; transpò; lojman; patisipasyon sosyal; respè ak enklizyon sosyal; travay ak angajman sivik; komunikasyon ak enfòmasyon; sèvis kominotè ak sante.

LÈ NOU KONSIDERE, New York rete yon lidè nan avanse politik ki adrese detèminan sante sosyal yo, ki gen ladan kondisyon kote moun yo fèt, grandi, travay, viv, jwe, ak vyeyi, ansanm ak pi gwo fòs ak sistèm ki fasone kondisyon lavi chak jou yo, ki gen yon gwo enpak sou sante ak byennèt tout moun;

LÈ NOU KONSIDERE, majorite Nouyòkè vle rete nan Eta a pandan ane retrèt yo. Granmoun ki pi gran yo ak baby boomers yo (jenerasyon ki te fèt apre dezyèm gè mondyal la) jenere swasant twa pousan nan revni kay yo nan Eta a, sa ki sipòte ekonomi an ak baz taks la;

LÈ NOU KONSIDERE, ak vyeyès, gen yon ogmantasyon nan itilizasyon swen sante ak kondisyon ki gen rapò ak sante, ki gen ladan maladi kwonik. New York bezwen asire ke sistèm swen sante nou an prepare pou jere demann k ap vini yo ak preferans pou swen, espesyalman swen alontèm;

LÈ NOU KONSIDERE, finansman piblik swen alontèm atravè Medicaid ak Medicare sibstansyèl, e li ta dwe sipòte objektif global vyeyès ki an sante;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dwe adrese pwoblèm mendèv swen sante yo, ansanm ak fason pou pi byen sipòte moun ki bay swen enfòmèl ak familyal yo;

LÈ NOU KONSIDERE, granmoun aje yo, ak moun ki gen andikap yo ta dwe kapab chwazi pou yo rete nan kominote yo epi alòske chwa ki gen sans mande pou jwenn aksè ak yon pakèt pwogram, resous ak sipò piblik ak prive, tankou swen sante, swen nan kay, manje ak nitrisyon, sèvis imen, lojman ak transpò;

LÈ NOU KONSIDERE, moun k ap bay swen fanmi yo ap lite pou balanse travay ak swen, bay swen esansyèl pou granmoun aje ak moun ki gen andikap, epi demann pou swen fanmi sa a ap grandi.

LÈ NOU KONSIDERE, yo dwe adrese pwoblèm ki gen rapò ak aksè ak lojman abòdab epi ki apwopriye, transpò, kapasite pou vyeyi an plas, sante mantal, izolman, diskriminasyon kont moun aje, opòtinite pou angajman sivik ak prevansyon kont abi sou granmoun aje yo nan yon fason konplè;

LÈ NOU KONSIDERE, li enpòtan pou Eta a bay priyorite bezwen popilasyon ki aje nou an ak yon konsantre pozitif epi angaje piblik la ak moun ki sèvi sitwayen ki aje yo nan yon pwosesis planifikasyon ki gen sans;

LÈ NOU KONSIDERE, planifikasyon pou opòtinite ak defi ki pral lakòz chanjman nan popilasyon Eta a ki aje, pou Nouyòkè tout laj yo ka kontinye viv lavi ki konplè, epi yon fason endepandan jan sa posib, an bon sante, ak libète pou yo chwazi pou yo vyeyi an plas, egzijè yon nouvo nivo planifikasyon estratejik;

KOUNYE A, PA KONSEKAN, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, epi pi sitou, Atik IV, Seksyon 1 nan Konstitisyon Eta New York la, avèk dokiman sa a mwen bay lòd konsa:

1. Yon Plan Direktè Eta New York pou Granmoun Aje dwe kowòdone politik ak pwogram eta ki egziste deja ak nouvo k ap kreye yon plan estrateji yo dwe aplike pou asire ke granmoun New York yo ka viv lavi ki konplè, an bon sante, ak libète, diyite ak endepandans pou vyeyi an plas pou lontan jan sa posib.
2. Depatman Sante Eta New York la, an kowòdinasyon ak Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la pral rasanble yon Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje pou konseye Gouvènè a pou devlope Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta New York la. Komisè Sante a, oswa reprezantan li an, dwe sèvi kòm Prezidan Konsèy la, epi Direktè Enterimè oswa reprezantan, Biwo pou Granmoun Aje Eta a, pral sèvi kòm Vis Prezidan Konsèy la. Manm Konsèy la dwe genyen Komisè yo ak Direktè ajans Egzekitif ak biwo ki konsène yo, jan Gouvènè a oswa reprezantan yo detèmine.
3. Yo mande ajans branch egzekitif yo pou yo patisipe nak ede man travay Konsèy Plan Direktè a pou Granmoun Aje a.
4. Yo pral konvok Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a nan swasant jou apre pwomilgasyon Dekrè sa a epi prezante Plan Direktè pou Granmoun Aje yo rekòmande a bay Gouvènè a pou l pibliye pa pita pase vennkat mwa apre premye reyinyon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo.
5. Depatman Sante Eta New York la, an kowòdinasyon Biwo pou Granmoun Aje ak Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta a, pral konvoke yon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo pou konseye Gouvènè a ak Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a nan devlopman Plan Direktè a. Prezidan ak Vis Prezidan Konsèy la pral sèvi kòm Prezidan ak Vis Prezidan Komite Konsiltatif Pati Konsène yo.
 - a. Komite Konsiltatif Pati Konsène yo dwe gen ladann reprezantasyon yon pakèt moun ki angaje nan planifikasyon ki nesèsè pou kenbe ak amelyore pozisyon New York kòm youn nan eta ki pi pratik pou granmoun aje yo. Prezidan ak Vis Prezidan an dwe rekòmande manm Komite Konsiltatif la, epi yo ka gen ladan, men pa sa sèlman, founisè sèvis swen sante ak sèvis sipò, konsomatè yo, moun k ap bay swen enfòmèl yo, granmoun aje yo - patikilyèman moun ki nan kominote k ap fè fas ka disparite yo, plan sante, òganizasyon mendèv yo, òganizasyon kominotè yo, anplwayè yo, ekspè sou granmoun aje yo, chèchè akademik, fondasyon yo, gouvènman lokal yo, ak kominote triba yo.
 - b. Komite Konsiltatif Pati Konsène yo dwe prepare yon rapò preliminè nan espas sis mwa apre premye reyinyon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo ki detay aktivite Komite a prevwa epi li dwe gen ladan mezi sib ke yo pral swiv alavni. Rapò ki detaye aktivite ak pwogrè Komite a dwe disponib sou demann.
 - c. Komite Konsiltatif Pati Konsène yo dwe prepare yon rapò konsiltatif pou l bay Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a ak Gouvènè a, pa pita pase dizwit mwa apre premye reyinyon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo.
 - d. Komite Konsiltatif Pati Konsène yo dwe genyen soukomite ki dedye ak sèvis ak sipò swen alontèm, sèvis ki baze sou kominote a, ak moun k ap bay swen yo. Soukomite sa yo dwe fè yon rapò dirèkteman bay Komite Konsiltatif la, Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a ak Gouvènè a nan douz mwa apre premye reyinyon Komite Konsiltatif Pati Konsène yo.
 - e. Komite Konsiltatif Pati Konsène yo ka fòme lòt soukomite.

6. Pwosesis devlopman Plan Direktè pou Granmoun Aje a dwe gen ladan opòtinite kontinyèl pou angajman ak piblik la, ki ka gen ladan peryòd kòmantè piblik pandan reyinyon Komite Konsiltatif yo, fowòm rasanbleman piblik oswa fowòm ki menm jan an pou opinyon, oswa nenpòt lòt mwayen pou angajman piblik ke Prezidan an jije ki apwopriye.
7. Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje ak Komite Konsiltatif Pati Konsène a dwe gen otorite pou yo konvoke reyinyon, fòme soukomite, gwoup travay ak gwoup konsantrasyon pou travay sou pwoblèm espesifik, epi kreye yon sit entènèt nan bi pou yo afiche avi, materyèl reyinyon ak lòt enfòmasyon ki nesèsè pou reyalize devlopman Plan Direktè pou Granmoun Aje a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan katriyèm jou mwa novanm

nan ane de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a